

Baca bacaan di handap ieu jeung ngajawab soal di no 1 – 3!

Oray-orayan nyaéta kawih kaulinan anu sok dihaleangkeun nalika barudak rék ulin ucing-ucingan, biasana saméméh prung ulin, barudak sok silih cekel heula taktak. Nu tukang nyekel taktak nu hareupeunana jeung saterusna tuluy maju ka kénca ka katuhu katempona ngaléor siga oray bari ngawih tuluy luar-léor mapayan jalan ngurilingan budak nu keur jaga jadi guha nepi kaasup salah saurang budak tuluy dititah milih rék kamana, naha rék milu ka kelompok nu ka hiji guha katuhu atawa rék milih kelompok nu ka dua guha ka kénca, kawihna kieu:

<i>Oray-orayan</i> <i>Luar-léor mapay sawah</i> <i>Entong ka sawah</i> <i>Paréna keur sedeng beukah</i>	<i>Oray-orayan</i> <i>Luar-léor mapay leuwi</i> <i>Entong ka leuwi</i> <i>Di leuwi loba nu mandi</i> <i>Saha nu mandi</i> <i>Anu mandi pandeuri</i>	<i>Oray-orayan</i> <i>Luar-léor mapay kebon</i> <i>Entong ka kebon</i> <i>Loba barudak keur ngangon</i> <i>Mending gé teuleum di leuwi loba nu mandi</i> <i>Saha nu mandi</i> <i>Nu mandi pandeuri</i>
---	---	---

Jawab pananya di handap ieu!

Kaulinan oray-orayan di luhur biasana dimaenkeun make

- a. Pantun
- b. Kawih
- c. Puisi
- d. Carita

Dina kaulinan oray-orayan barudak luar-léor asup ka

- a. Guha
- b. Imah
- c. Sakola
- d. Warung

Dina kawih kaulinan oray-orayan, si kebon téh loba

- a. Nu mandi
- b. Teuleum
- c. Ulin
- d. Ngangon

Pasangkeun gambar di handap jeung ngaran kaulinan anu tepat!

békles

sondah

jajangkungan

congklak

